


Organizasyon Planifikasyon Metropolis Merrimack Valley

Pwogram Amelyorasyon Transpò

Ane Fiskal Federal 2026-2030



MVMPO

# Rezime Egzekitif

## Konsènan Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten Merrimack Valley a

Kenz kominate manm tonbe andedan reyon planifikasyon metwopoliten Vale Merrimack ke gouvènman federal la deziyen. Komisyon Planifikasyon Merrimack Valley (MVPC) sipòte kominate sa yo lè li fasilité plizyè sèvis planifikasyon anviwònmantal, devlopman ekonomik, transpò, ak teknoloji. Pèsonèl ki nan MVPC a tou bay sipò pou Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten Merrimack Valley (MVMPO), ki se konsèn politik transpò reyon an. Òganizasyon sa a jere pwosesis Planifikasyon Transpò Kontini, Koperatif, ak Konplè (3C) ke gouvènman federal egzije pou reyon an, yon pwosesis ki asire planifikasyon ak kowòdinasyon finansman enfrastrikti ant gouvènman lokal, leta, ak federal.

## Kisa Program Amelyorasyon Transpò (TIP, ki vle di "Transportation Improvement Program") nan reyon an ye?

Pwogram Amelyorasyon Transpò (TIP) la, se plan prensipal senk an pou transpò nan reyon an pou pwojè asistans federal. Chak ane, MVMPO pare ak apwouwe yon lis pwojè ki kandida pou resevwa finansman federal pou yon dire senk an. Pwojè yo dwe pwograme sou TIP la, pou resevwa asistans federal.

### Kouman TIP la devlope?

TIP pwograme asistans federal ki soti nan Federal Highway Administration (FHWA) ak nan the Federal Transit Administration (FTA).

Nan pati "Highway" a, TIP gen de prensipal pwojè asistans federal: pwojè reyonnal ak pwojè nan nivo Eta a. Nòmalman, se kominate manm yo ki devlope pwojè reyonnal, an kowòdinasyon avèk pèsonèl MVMPO ak MassDOT. Pou pi souvan, yo limite pwojè sa yo nan yon sèl minisipalite, kote yo gen tandans pwofite rezidan yo, ak pèsonèl, ak touris k ap voyaje nan minisipalite sa a. Okontré, pwojè nan nivo Eta yo gen tandans pou yo kouvri yon pi gwo sektè jeografik ak/oswa pou yo gen yon pi gwo reyon aksyon, paske yo sipòte deplasman nan tout Eta a. Pwojè nan nivo Eta a kapab sipòte tou yon objektif patikilye nan Eta a (tankou amelyore aksè nan lekòl yo, avèk pwogram Sekirite nan Wout pou Ale Lekòl la). Pifò nan pwojè FHWA TIP yo sipòte konstriksyon enfrastrikti; men sèlman, anpil pwogram asistans federal bay plizyè chwa tankou acha kapital ak konsepsyon.

Nan domèn transpò piblik, TIP la gen ladan li sipò kapital ak operasyon pou otorite transpò reyon an, Merrimack Valley Transit (MeVa). Pwojè kapital yo enkli plizyè kalite pwojè tankou ranplasman materyèl woulan, antretyen preventif, ak modènizasyon estrikti yo. Pwojè operasyonnèl yo gen fon ki afekte pou operasyon, ak pou sipòte plannifikasyon pou tan kout.

Pwojè asistans federal yo jwenn sipò nan de kalite finansman federal: finansman afekte ak finansman diskresyonnè. Lejislasyon federal pou transpò an sifas la enkli pwogram (yo konn rele souvan "finansman koulè") ak plafon finansman ki anrapò avèk yo, pou pèmèt Eta ak gouvènman reyonnal yo distribye finansman federal nan pwòp pwojè yo. Finansman afekte yo resevwa apwobasyon kongrè, epi yo distribye ant Eta yo dapre fòmil pwogram espesifik. Nan Massachusetts, fon reyonnal yo divize ankò dapre yon fòmil. Finansman diskresyonnè yo disponib pou resipyandè yo, dapre apwobasyon federal; pi souvan, yo bay yo nan pwogram sibvansyon ki sou kontwòl Federal Highway Administration oswa Federal Transit Administration. Afektasyon yo prevwa finansman pou priyrite yo, espesyalman sa ki nan lejislasyon federal pou transpò an sifas la.

## Ki pwojè ki finanse nan TIP pou ane sa a?

Sik ànyèl sa a pwograme asistans federal pou pwoblè sible sa yo:

Tablo 1. Sib Pwojè Rejjonal yo

ID Pwojè	Deskripsyon Pwojè
608095	Amelyorasyom koridò sou Wout 114 ant Waverly Road ak Mill Street nan North Andover (2026-2028)
602843	Rekonstriksyon sou Wout 97 ant West Main ak Moulton Street nan Georgetown (2026)
608029	Amelyorasyon entèsekson ant Wout 1 ak Merrimack Street nan Newburyport (2027)
611977	Yon konnekson chimen ant Riverwalk ak Salisbury Ghost Trail nan Amesbury (2027)
608788	Rekonstriksyon North Avenue ant Main Street ak New Hampshire Line nan Haverhill (2028-2029)
611957	Rekonstriksyon Wout 133 ant Shawheen Road ak North Main Street nan Andover (2029-2030)
S13278	Kontribisyon Kapital pou Pwojè Pilòt Newburyport Bikeshare (2026-2027)
S13279 ak S13280	Rezèv Planifikasyon/Acha Kapital Rejyon Merrimack Valley (2027 ak 2029)

Sik sa a pwograme tou pwojè ki finanse ak sibvansyon diskresyonè ak fon espesyal afekte

Tablo 2. Pwojè ki Finanse ak Sibvansyon Diskresyonè ak Fon Espesyal a Afekte

ID Pwojè	Deskripsyon Pwojè
612074	Ranplasman Short Street Bridge anlè Spicket River nan Lawrence (2027)
612158	Ranplasman Pon Wout 213 la sou Ray Tren Methuen (2028)
613903	Presèvason Pon Union Street sou Kanal Nò nan Lawrence (2026)

Sik ànyèl sa a pwograme asistans federal tou pou pwojè sa yo nan Eta a:

Tablo 3. Pwojè Sib nan tout Eta a.

ID Pwojè	Deskripsyon Pwojè
609466	Ranplasman pon I-495 nan Haverhill/Methuen (2026)
608930	Lawrence pou rive Manchester Rail Trail (2026-2027)
605304	Ranplasman Basiliere Bridge nan Haverhill (2026-2028)
607541	Yon segman fwontyè pou rive Boston Trail ant Georgetown Road ak West Main Street nan Georgetown ak Boxford (2026)
612002	Amelyorasyon Wout Sekirize pou Ale Lekòl pou Community Day Arlington nan Lawrence (2026)
612045	Amelyorasyon Granwout sou I-93 ant Andover ak Tewksbury (2026)
612143	Ranplasman pon sou Tewksbury Street ki pase anlè MBTA Commuter Rail nan Andover (2026)
612193	Ranplasman pon ki pase sou Merrimack River nan Andover (2026)
607542	Yon segman fwontyè pou rive Boston Trail ant Georgetown Road ak Byfield nan Georgetown ak Newbury (2027)
613092	Ranplasman twa kannivo nan Haverhill sou Wout 110 (2029)
612890	Amelyorasyon Wout Sekirize pou Ale Lekòl pou Bagnall Elementary nan Groveland (2028)
612024	Revètman ak travay anrapò avèk li sou Wout 28 nan Andover (2027)
612103	Repavman otowout ant Haverhill, Merrimac, Amesbury ak Salisbury ak travay ki gen rapò ak sa sou I-495 (2030)
613702	Ranplasman Gid ak Pano Sikilasyon nan Methuen sou Wout 213 (2029)
613881	Amelyorasyon Aksè nan Distri 4 sou Plizyè Sit nan Haverhill ak Salisbury (2029)

Sik ànyèl sa a pwograme tou plizyè pwojè transpò ki pèmèt Merrimack Valley Transit (MeVa) fè sèvis wout gratis pandan tout ane a, ak fè sèvis paratranspò, ak kenbe vezikil ak lòt enfrastrikti.

## Kijan Mwen Ka Enplike?

Chak ane, MVMPD pibliye vèsyon preliminè TIP li a pou yon peryòd kòmantè 21 jou pandan reyinyon li nan mwa avril. Yo bay opòtinite pou odyans publik epi yo fè publisite pou yo apre sa. Anplis patisipe nan yon odyans publik, moun ka voye kòmantè alekri pa lapòs ak/oswa pa imèl atravè enfòmasyon kontak ki parèt pi ba a. Pèsonèl yo tou akeyi opòtinite pou diskite sou TIP la epi moun ka kontakte yo atravè imèl pou fikse yon reyinyon oswa yon apèl.

### Lapòs:

Attn: Transportation Program Manager  
Merrimack Valley Planning Commission  
160 Main Street  
Haverhill, MA 01830

### Imèl:

[transportation@mvpcc.org](mailto:transportation@mvpcc.org)

## Èske yo ka modife TIP la apre li fin apwouye?

Wi. Yo ka amande oswa ajiste TIP a selon pwosedi ki presize nan Plan Patisipasyon Publik ki pi resan pou reyon an. Pwosedi dokiman aktyèl la (jan li te apwouye 22 me 2025) disponib nan dokiman sa a anba tit "Pwosedi pou Amannman ak Ajisteman."